

Pa bliye: Li lis sa a anvan ni operasyon ni entèvansyon pitit ou a!

Men kijan pou w pare timoun ak adolesan ou an anvan ni operasyon ni entèvansyon:

- ❑ **Pote yon lis ekri tout medikaman,** ki gen ladan medikaman ou achte san preskripsyon. Resi famasi, foto poban yo, oswa yon lis yo te enprime nan kay doktè a.



- ❑ **Mande pitit ou a mete linèt li** nan jou operasyon/entèvansyon an. **Pa kite pitit ou mete lantiy kontak.**



- ❑ Òganize transpò pou lè pitit ou a kite lopital la. Pran **transpò piblik pa ankouraje ditou ditou.**



- ❑ **Retire tout makiyaj ak vèni sou zong** pitit ou a.



- ❑ **Retire tout bijou,** ikonpri tout zannò ki sou kò pitit ou a.



Jou operasyon oubyen entèvansyon an:

Nou pa ta renmen pou w mennen frè ak sè pitit ou a nan lopital la nan jou operasyon/entèvansyon an.

Se pou otorizasyon operasyon/entèvansyon gen siyati paran oubyen titè ofisyèl la sou li depi timoun lan poko gen laj 18 an.

N ap pran yon **echantiyon pipi** depi timoun lan jèn fi ki gen plis pase laj 12 an. Malad ki fi e ki poko gen laj 12 an men ki gen tan fòmè ap gen pou yo bay yon echantiyon pipi tou. Echantiyon pipi sa a ap sèvi pou fè yon tès gwosès.

Kijan pou antre an kontak ak nou

- ❑ **Perioperative Care Coordination Clinic, Boston Campus**
617-355-3765
Se pou rive la 1,5 è anvan entèvansyon an **Main 3**
- ❑ **Day Surgery, Boston Campus**
617-355-7921
Se pou w rive la 1,5 è anvan entèvansyon an **Main 3**
- ❑ **Surgical Center, Waltham Campus**
781-216-1285
Se pou w rive la 1,5 è anvan entèvansyon an
- ❑ **Surgical Center, Lexington Campus**
781-216-3000
Se pou w rive la 1 è anvan entèvansyon an kòmanse
- ❑ **Gastroenterology Procedure Unit (GPU), Boston Campus**
617-355-6172
- ❑ **Interventional Radiology, Boston Campus**
7:30am-4:30pm: 617-355-6579
- ❑ **Radiology (MRI, CT, and Nuclear Medicine)**
8am-6pm: 617-919-7226
- ❑ **Cardiac Pre-Op Clinic, Boston Campus**
8:30am-4pm: 617-355-6095
4:30pm-7:30pm: 617-355-0030
Aprè 7:30pm: 617-355-6363 epi mande pou yo pedj espesyalis kadyoloji a
- ❑ **Cardiac MRI, Boston Campus**
8am-4pm: 617-355-6024
4pm-7:30pm: 617-355-0032
Aprè 7:30pm: 617-355-6363 epi mande pou yo pedj espesyalis kadyoloji a

Sa se yon gid pou w konnen kijan pou manje epi bwè anvan ni operasyon ni entèvansyon

Gid NPO



617-355-6000
617-730-0152 (TTY)
www.childrenshospital.org

Gid sou kijan pou manje epi bwè

Li entèdi pou manje epi bwè pandan yon sèten peryòd tan anvan yon operasyon ak yon entèvansyon. **Se pou w byen swiv enstriksyon ki make nan depliyen sa a pou pare pitit ou a.**

Pou ki rezon pitit mwen an pa kapab manje epi bwè anvan yon operasyon osnon entèvansyon?

Se pou kapab garanti timoun lan an sekirite pandan ni operasyon an ni entèvansyon an. Manje ak bweson - tankou likid, manje ki pou moulen, ak lèt tete - rete nan lestomak la. Lè pitit ou dòmi, manje ak likid ka monte soti nan lestomak li epi antre andedan poumoun pitit ou a. Li ka lakòz nemoni.



Poutèt tout manje travèse lestomak la nan longè tan ki diferan, li trèzenpòtan pou swiv gid ki make nan depliyen sa a sou kijan pou manje epi bwè anvan ni operasyon ni entèvansyon.

Kisa k ap rive si pitit mwen an manje oubyen bwè apre orè doktè la bay?

Si pitit ou a manje oubyen bwè apre yon lè byen presi, **y ap gen pou retade oubyen anile operasyon oubyen entèvansyon an.**

Ki egzanz sou sa likid klè ye?

Pitit ou a ka bwè likid klè jis sou dezèdtan anvan lè entèvansyon oubyen tès la. Likid klè kapab:

- Dlo wobinèt (SAN gaz)
- Dlo glikoz
- Ji pòm (PA sid)
- Pedialyte klè



□ Si pitit ou a poko gen laj 12 mwa:

✘ Kanpe manje ak fòmila pou tibebe depi sou **8** è anvan operasyon/entèvansyon an.



✘ Kanpe tout fòmila pou tibebe sou **6** è anvan lè operasyon/entèvansyon an.

✘ Kanpe lèt tete sou **4** è anvan lè operasyon/entèvansyon an.

✘ Kanpe tout likid klè sou **2** è anvan lè operasyon/entèvansyon an.

Nenpòt sa ki epesi manje, ikonpri fòmila pou tibebe ki gen diri ladan l, *Simply Thick* oubyen *Thick-It*, konsidere yon manje ki pou moulen e se pou kanpe li depi sou **8** è anvan operasyon/entèvansyon an.

□ Si pitit ou a pi gran pase 12 mwa:

✘ Kanpe manje lèt, chiklèt, sirèt, mant ak fòmila pou tibebe depi nan **8** è anvan operasyon/entèvansyon an.



✘ Kanpe lèt tete sou **4** è anvan lè operasyon/entèvansyon an.

✘ Kanpe tout likid klè sou **2** è anvan lè operasyon/entèvansyon an.

Nenpòt sa ki epesi manje, ikonpri fòmila pou tibebe ki gen diri ladan l, *Simply Thick* oubyen *Thick-It*, konsidere yon manje ki pou moulen e se pou kanpe li depi sou **8** è anvan operasyon/entèvansyon an.

Gid pou timoun ak adolesan ki gen G-tib

□ Si timoun lan poko gen 12 mwa:

✘ Kanpe bay fòmila pou tibebe sou **6** è anvan lè operasyon/entèvansyon an.

✘ Kanpe tout likid klè sou **2** è anvan lè operasyon/entèvansyon an.

□ Si timoun lan pi gran pase 12 mwa:

✘ Kanpe pire, manje ak fòmila pou tibebe depi nan **8** è anvan operasyon/entèvansyon an.



✘ Kanpe tout likid klè sou **2** è anvan lè operasyon/entèvansyon an.

Pou malad Waltham yo: Pou dat ak lè operasyon/entèvansyon pitit ou pral fè, rele sivouplè klinik ki make nan do depliyen sa a.

Pou tout lòt malad: Klinik la ap rele w pou ba w dat ak lè operasyon/entèvansyon pitit ou a.

Nòt

Ekri la tout nòt ak kesyon ou genyen.

© Boston Children's Hospital, 2020 All rights reserved.
Publication Date 7/16/2020 #167637hc

Your Guide to Eating and Drinking Before a Surgery or Procedure:
NPO Guidelines (Haitian Creole). Fèy Fòmasyon Fanmi sa a se pou bay fòmasyon sèlman. Pou konsèy medikal espesifik, dyagnostik ak tretman, pale avèk pwofesyonèl swen sante w la.